

Ak Kisa Yon Anviwònman Dòmi Sekirité Sanble?


Imaj anba a montre yon anviwònman dòmi sekirité pou ti bebe.

Zòn kote bebe a dòmi se nan menm chanm, bò kote paran li yo dòmi.

Itilize yon sifas fèm ak plat pou dòmi sou li, tankou yon matla nan yon bèso ki apwouve pou sekirite*, kouvri ak yon fouwo.

Bebe a pa dwe dòmi nan kabann pou adilt, sou yon kanape, ni sou yon chèz pou kont li, ansanm avèk ou, ni ak okèn lòt moun.

Pinga w fimen ni pa kite lòt moun fimen bò bebe w.



Pinga w mete zorye, dra, po mouton, ni gad bèso okèn kote nan zòn kote bebe w dòmi.

Kenbe objè mi, jwèt, ak dra lach an deyò zòn kote bebe w dòmi. Asire pa gen anyen ki kouvri tèt bebe a.

Abiye bebe w nan rad pou dòmi, tankou yon dra ki fèt kou rad. Pinga w itilize yon dra lach, epi pa vlope li twò sere.

Toujou mete bebe w kouche sou do pou li dòmi, pou kabicha kou lannwit.



Eunice Kennedy Shriver National Institute
of Child Health and Human Development



* Yon bèso, bèn, bèso pòtab, oswa ti lakou jwe ki swiv estanda sekirite Komisyon Sekirite Pwodwi pou Konsomatè (CPSC) rekòmande. Pou enfòmasyon sou sekirite pou bèso, kontakte CPSC a nan **1-800-638-2772** oswa <http://www.cpsc.gov>.

Dòmi Sekirité Pou Bebe W

Redwi Risk Sendwòm Lanmò Bebe Sibit (SIDS) ak Lòt Kòz Lanmò
Bebe ki Gen Rapò ak Dòmi

 Toujou mete bebe w kouche sou do pou li dòmi, pou kabicha ni lannwit, pou redwi risk SIDS.

 Itilize yon sifas fèm ak plat pou dòmi sou li, tankou yon matla nan yon bèsò ki apwouve pou sekirite*, kouvri ak yon fouwo san okèn lòt dra ni atik mi nan zòn dòmi a.

 Pataje chanm ou ak bebe w. Kenbe bebe w nan chanm ou toupre kabann w, men sou yon sifas separe ki fèt pou bebe, ideyalman pou premye lane bebe a, men omwens premye 6 mwa yo.

 Pinga w mete objè mi, jwèt, gad bèsò, ni dra lach anba bebe w, kouvri bebe w, ni okèn kote nan zòn dòmi bebe w.

Pou redwi risk SIDS, fanm dwe:

 Jwenn swen prenatal regilye pandan gwosès.

 Evite sigarèt, alkòl, ak marigwana oubyen dwòg ilegal pandan gwosès ni apre bebe w fèt.

 Pinga w fimen pandan w ansent, epi pinga w pèmèt moun fimen bò bebe w ni nan anviwònman bebe w.

 Konsidere bay bebe w yon sousèt pou kabicha ak dòmi lannwit pou redwi risk SIDS.

 Pinga w kite bebe w vin twò cho pandan l ap dòmi.

Pou plis enfòmasyon sou kanpay Safe to Sleep® la, kontakte nou:

Telefòn: 1-800-505-BÈSO (2742) | **Faks:** 1-866-760-5947

Imèl: SafetoSleep@mail.nih.gov

Entènet: <http://safetosleep.nichd.nih.gov>

Lapòs: 31 Center Drive, 31/2A32, Bethesda, MD 20892-2425

Sèvis Relè Federal: Rele 7-1-1



Bay bebe w tete pou redwi risk SIDS. Bay bebe pòte anpil avantaj pou ni manman an ni bebe a. Si dòmi pran w pandan w ap bay tete oswa konfòte bebe w nan kabann pou adilt, mete li kouche sou do li nan yon zòn dòmi separe menm kote je w vin klè.



Swiv oryantasyon nan men founisè swen medikal ou sou vaksen bebe ak kontwòl sante regilye.



Evite pwodwi ki kont rekòmandasyon yo pou dòmi sekirite, sitou sa ki di yo kapab anpeche oswa redwi risk SIDS.



Pinga w itilize siveyè kè ni respirasyon nan kay la pou redwi risk SIDS.



Bay bebe w kont tan kouche sou vant lè je li klè epi gen moun k ap veye li.

* Yon bèsò, bèn, bèsò pòtab, oswa ti lakou jwe ki swiv estanda sekirite Komisyon Sekirite Pwodwi pou Konsomatè (CPSC) rekòmande. Pou enfòmasyon sou sekirite pou bèsò, kontakte CPSC a nan **1-800-638-2772** oswa <http://www.cpsc.gov>.